



Demandè

**Gid pou Fòmilè Federal pou
Anile Peman Anplis**

I. Apèsi	2
II. Fòmilè pou Anile Peman Anplis	3

I. Apèsi:

Lwa sou Coronavirus, Èd, ak Sekirite Ekonomik (CARES Act) ak Lwa sou Asistans Kontinye pou Travayè ki nan Chomaj, otorize eta Florid pou anile peman anplis pou reklamasyon si yo ranpli sèten kondisyon pou pwogram Asistans Reyanplwa Federal sa yo:

- Asistans pou Chomaj nan moman Pandemi (PUA)
- Konpansasyon Ijans pou Chomaj nan moman Pandemi (PEUC)
- Konpansasyon Federal pou Chomaj nan moman Pandemi (FPUC)
- Konpansasyon Chomaj pou Moun ki gen Salè Melanje (MEUC)
- Asistans pou Pèd Salè (LWA)

Pou kalifye pou yon anilasyon peman anplis, reklaman yo dwe reponn a kritè sa yo:

- Li dwe se pa fòt reklaman an ki fè peman anplis la te kreye; epi
- Rekiperasyon peman anplis la ap kontrè a ekite ak bon konsyans.

CONNECT ofri reklaman yo posibilite pou soumèt yon demann pou Depatman an anile yon peman anplis federal lè yo ranpli yon Fòmilè pou Anile Peman Anplis. Reklaman ki kalifye kap aktyèlman resevwa benefis PUA oswa PEUC ka elijib pou resevwa yon anilasyon peman anplis.

Pwogram benefis FPUC, MEUC, ak LWA pou anilie peman anplis la ap disponib byento.

Reklaman yo pral resevwa yon avi kap fè yo konnen ke fòmilè a disponib nan bwat resepsyon CONNECT yo atravè metòd kominikasyon yo te chwazi a. Depi fòmilè a fin disponib sou CONNECT, reklaman yo pral gen sis (6) mwa pou yo ranpli l. Reklaman an yo ka resevwa plizyè fòmilè pou founi enfòmasyon sou peman anplis ke yap gen pou ranpli akòz lòt pwogram benefis Asistans Reyanplwa pou reklamasyon ki te depoze ke yo te etabli yon peman anplis.

REMAK: Anilasyon peman anplis la disponib sèlman pou reklaman ki gen yon peman anplis avèk benefis Asistans Reyanplwa federal. **Anilasyon peman anplis la pap aplikab pou peman anplis ki gen rapò ak benefis Asistans Reyanplwa eta a.**

Tanpri swiv etap ki anba yo pou w ranpli Fòmilè Anilasyon Peman Anplis la.

II. Fòmilè pou Anile Peman Anplis Federal

- 1- Ale sou FloridaJobs.org epi chwazi **"Reklaman"** nan kwen anlè a adwat oswa klike [isit la](#) a pou jwenn aksè a paj dakèy CONNECT la.
- 2- Li Avi Avètisman Reklaman an epi chwazi **"Mwen aksepte ke mwen te li sa ki anwo a."** Apre sa, klike sou **"Swivan"**.

CONNECT
FLORIDA DEPARTMENT of
ECONOMIC OPPORTUNITY

DEO
FLORIDA DEPARTMENT of
ECONOMIC OPPORTUNITY

Wednesday January 26 2022
[Apèsi Avan Expressyon](#)
[English Español Kreyol](#)

Konekte * Endike Chan Obligatwa

Translation Services
Translation Services · Servicios de traducción · Servicios de traducción · Servizi di traduzione · Übersetzungsdienst · Транслатон Сервицес · Prevoditeljske usluge · Sévis tradiksyon · 翻譯服務 · 翻譯服務 · 翻訳サービス · Dịch vụ dịch thuật · خدمات الترجمة · خدمات الترجمة · Службы перевода

Avi Avètisman

AVI AVÈTISMAN pou DEMANDÈ
2-28-14

****AVÈTISMAN****

Sa se yon sistèm enfòmasyon pwopriete Eta Florida e ki opere pa Depatman Opòtinite Ekonomik Florida (DEO) e li la sèlman pou itilizasyon otorize. Pa gen okenn dwa a vi prive sou sistèm sa e itilizasyon sistèm sa reprezante konsantman pou siveyans, entèsepsyon, anrejistremant, lekti, kopi oubyen kapti tout aktivite pa fonksyonè piblik Eta Florida oubyen ajan otorize li. Enfòmasyon ki nan sistèm sa konfidansyèl epi yo pwoteje dapre 42 USC sou-seksyon 653 (j) (8) (C) (ii) ak seksyon 443.1715 (1), Lwa Florida, e li egzante de seksyon 119.07 (1), Lwa Florida ak seksyon 24 (a), Atik 1 nan Konstitisyon Eta Florida. Nenpòt moun ki aksede a sistèm sa oubyen enfòmasyon nan sistèm sa ki vyole pwovizyon nan seksyon 443.1715(1) Lwa Florida, yo ka anplis tou sanksyon federal. Yo ka anplis tou sanksyon federal.

Mwen rekonèt ke mwen te li sa ki anwo a *

Swivan

- 3- Antre Nimewo Sekirite Sosyal ou oswa ID ak PIN Reklaman w lan. Apre sa a, chwazi **"Konekte."**

Identifikasyon pou Demandè ki Deja nan Sistèm lan

Konekte sou kont ou si w te deja fè yon aplikasyon pou Asistans Reyanchaj nan Florida.
Sonje: PIN ou genyen sou FLUID la ekspire si gen plis ke 90 jou ki pase depi dènye fwa ou te konekte sou sistèm sa. Ou pral bezwen reynisyalize PIN ou. Pou reynisyalize PIN ou, antre Nimewo Sekirite Sosyal ou epi chwazi bouton Bliye PIN.

Pou rezon sekirite, nou pa ankouraje moun pou itilize yon sekans PIN ki fasilman idantifyab tankou ane nesans ou oubyen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si nan moman sa se yonn nan nimewo sa yo ke w ap itilize kòm PIN ou, nou vrèman ankouraje ou pou chanje li imedyatman.

Ou ka kounye a konekte ak ID Demandè CONNECT ou a oswa Nimewo Sekirite Sosyal ou. Ou ka jwenn nimewo ID Demandè apre ou ouvri sesyon pwochèn an lè w revize ba a rezime nouvo nan tèt la nan chak paj.

Nimewo Sekirite Sosyal
ou ID Demandè
PIN *

Konekte Bliye PIN

4- Chwazi lyen "Bwat Resepsyon" ki sou paj Dakèy Reklaman an.

CONNECT
FLORIDA DEPARTMENT OF ECONOMIC OPPORTUNITY

DEO
FLORIDA DEPARTMENT OF ECONOMIC OPPORTUNITY

Wednesday January 26 2022
Ajèzi Avon Enkrasyon
English Español Kreyòl

Chanje PIN | Dekonekte

Bwat Resepsyon Moun Kap Reklame
Bwat Resepsyon

4

Demande a Enfòmasyon sou

non: [redacted] Demandè a ID: [redacted] Reklame ID: 2020-01
Dat Efektif: 04/19/2020 Benefis nan fen ane a: 04/18/2021 Ki dènye nouvèl Reklamasyon: Ekspire

Estatè Monetè:

kantite lajan benefis pou chak semèn: \$275 Total Balans: \$300 Estatè Monetè: To te Redetèmine Elijib
Maksimòm Kantite lajan Benefis: \$3,575 Salè yo Inyore: \$58.00 Dat Depo Aplikasyon: 04/23/2020

Mande Enfòmasyon sou Peman Benefis

semèn Pase ou te Siyen: 10/4/2020 - 10/10/2020 Semèn ap Tann: 5/10/2020 - 5/16/2020 Kalite Pwogram aktyèl: EUC nan ka Pandemi
Dènye Semèn ou touche: 10/4/2020 - 10/10/2020 Sèvis ak Lang: Anglè

ENFÒMASYON ENPÒTAN KI DWE ATIRE ATANSYON IMEDYAT OU - KLIKE SOU LYEN AN POU GADE ELEMAN YO.

⚠️ Ou pa gen reponn a yon demand pou enfòmasyon. Si w bay enfòmasyon sa a, sa kapab retade fini an nan reklamasyon w lan oswa pètèt retade oswa anpeche peman benefis. Klike [la a pou wè](#) wè yon lis ki gen enfòmasyon yo mande.

Mesaj – Avi pou fè konnen evènman, chanjman sityasyon, ak lòt aksyon disponib

- Ou bezwen reponn a yon demann pou enfòmasyon. Si ou pa bay enfòmasyon sila, sa ka retade nou pou fini reklamasyon w lan oswa anpeche peman benefis yo.
- Dosye nou montre w te peye benefis ou pa t kalifye pou resevwa. Sa a te kreye yon peman anplis kont Asistans Reyanchaj ou yo. [Klike la](#) pou revize detèminasyon an (yo) sou reklamasyon ou a, ki te kreye yon peman anplis.
- Ou ka aplike pou pou benefis Asistans Reyanchaj. Chwazi "Aplike pou Benefis Asistans Reyanchaj" pou w ka ranpli yon nouvo aplikasyon.

5- Yon fwa ou fin jwenn aksè nan bwat resepsyon CONNECT ou a, gade kolòn "Estatè Aksyon yo" pou "Aksyon Demande" ki gen liy sijè "Demann Enfòmasyon," epi chwazi lyen dat ki anba kolòn "Dat Emisyon an."

Korespondans

korespondans te we deja yo pa pral montre okòmansman nan lis ki anba a.

- Pou Montre tout korespondans, ki gen ladan korespondans ou te we deja a , chwazi bouton rechèch la.
- Pou Etwat rechèch ou an, sèvi ak filtè rechèch la pi ba epi chwazi bouton rechèch la.

Sijè: Tout Sityasyon Aksyon: Tout

Dat yo Bay pou Li Kòmanse: (mm/dd/yyyy) Dat yo Bay pou Li Fini: (mm/dd/yyyy)

Re-inisyalize Chèche

- Premye rezilta ki endike anba la a se pwen ki bezwen atansyon ou, epi ou ka bezwen yo pou fè aksyon sou demann alokasyon ou.
- Chwazi Dat yo Bay pou wè enfòmasyon detaye sou korespondans ou.

Ranje 1-10 nan 30 Page 1 nan 3

5 Dat Yo Bay li	Sityasyon Aksyon	Sijè	Nimewo Korespondans	Dat Limit Aksyon-an
01/26/2022	Rekèt Aksyon	Deklarasyon Fè	261233462	07/26/2022
07/16/2021	Gade	Detèminasyon sou Elijibilite	239150936	08/05/2021
07/16/2021	Gade	Detèminasyon sou Elijibilite	239056100	08/05/2021
01/26/2022	Gade	Detèminasyon sou Elijibilite	261264214	02/15/2022
08/16/2021	Gade	Claimant Monthly Statement of Account	246046958	
01/11/2021	Gade	1099G Notice	187745522	
10/16/2020	Gade	PEUC Continued Claim PDF	159772921	
10/16/2020	Gade	PEUC Continued Claim PDF	159771798	
10/02/2020	Gade	PEUC Continued Claim PDF	155316767	
10/02/2020	Gade	PEUC Continued Claim PDF	155313986	

Ranje 1-10 nan 30 Page 1 nan 3

Anvan

- 6- Apre w fin chwazi **"Dat Emisyon an,"** yap mande w pou w ranpli fòmilè pou Anile Peman Anplis la. Reponn tout kesyon ki nesese sou fòmilè demann enfòmasyon an. Apre sa, klike sou **"Soumèt."** Depi fòmilè a fin disponib sou kont CONNECT ou a, wap gen sis (6) mwa pou w ranpli l.

Chanje PIN Dekonekte * Endike Chan Obligatwa	
<p>Bwat Resepsyon Moun K'ap Reklame</p> <p>Bwat Respsyon</p> <p>Aplike pou Benefis Asistans Reyanchaj</p> <p>Gade ak Konsève Enfòmasyon Kont</p> <p>Detèminasyon, Pwoblèm ki Annatant ak Rezime Desizyon</p> <p>Eksplòre Sipò ak Sèvis ki Disponib yo</p> <p>Fòm 1099-G ak Fòm 497 mwen yo</p> <p>FAQ</p> <p>Enfòmasyon Enskripsyon Mende</p> <p>Li Manyèl Enfòmasyon sou Dwa pou Benefis</p> <p>Barèm Frè Kat Debit Way2Go Asistans Reyanchaj Florid la</p>	<p>Demandè a Enfòmasyon sou</p> <p>non: _____ Demandè a ID: _____ Reklame ID: 2020-01</p> <p>Dat Efektif: 04/19/2020 Benefis nan fen ane a: 04/18/2021 Ki dènye nouvell Reklamasyon: Expire</p> <p>Ekran sa pral etènn aprè 30 minit san aktivite. Tanpri chwazi 'Anrejistre' si w pa ka fini nan delè sa a.</p> <p>Aplikasyon pou Anile Peman Anplis nan Konpansasyon Chomaj Federal</p> <p>Prenon ak Siyati Reklaman an : _____ Dat postal Fòmilè Ankèt la : 01/26/2022</p> <p>ID Reklaman an : _____</p> <p>ID Reklamasyon an : 202001</p> <p>Nimewo ID ki asosye ak Detèminasyon ki bay lis peman anplis federal ke yon demann pou anilasyon fèt pou li a: _____</p> <p>Dat pòstal oswa dat distribisyon sou Detèminasyon ki bay lis peman anplis federal ke yon demann pou anilasyon fèt pou li a: 01/26/2022</p> <p>Wap gen posibilite pou w ranpli yon demann pou anile yon peman anplis federal paske Depatman an detèmine ke w genyen yon peman anplis federal ki pa gen fwod sou kont ou a. Lalwa CARES Act ak lwa sou Asistans Kontinye te otorize epi bay eta yo opsyon pou anile peman anplis federal yo te bay reklaman yo anba pwogram pandemi federal yo. Depatman an te rekonèt difikilte anpil moun nan Florid rankontre pandan moman difisil sa yo e li te chwazi pou ofri mwayen pou anile peman anplis federal yo a reklaman ki kalifye e ki satisfè kritè espesifik ki endike nan lwa federal ak konsèy yo. Enfòmasyon sa yo nesese pou detèmine kalifikasyon w pou anile peman anplis federal ki sou reklamasyon w la ki endike anwo a. Pou fè demann pou anile peman anplis federal la, ou dwe reponn kesyon sa yo epi soumèt repons ou anvan 07/26/2022. Pou yo ka konsidere w pou anilasyon peman anplis la, ou dwe voye repons nan delè tan sa a. Yon fwa w fin soumèt repons ou yo, yo pral trete aplikasyon w lan, epi w ap resevwa yon detèminasyon ak enfòmasyon sou kalifikasyon w pou anilasyon peman anplis federal la. Tanpri bay Depatman an ase tan pou trete demann ou an.</p> <p>1. Ki dat ou te premye okouran de peman anplis la oswa dèt sa a? <input type="text"/> *</p> <p>2. Eske w te depoze yon apèl devan Depatman an pou defye peman anplis la? <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non*</p> <p>3. (si wi pou kesyon 2) Si ou te depoze yon apèl kont detèminasyon ki etabli peman anplis la, èske w te resevwa yon desizyon ki soti nan men yon Abit Apèl la? <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non <input type="radio"/> Pa aplikab paske mwen pa te depoze yon apèl. *</p> <p>4. Èske dat limit apèl ou a deja pase pou detèminasyon ki etabli peman anplis? <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non*</p> <p>5. Eske ou te fè okenn peman sou peman anplis la? <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non*</p> <p>6. Si wi, konbyen w te peye epi nan ki dat? <input type="text"/></p> <p>KESYON POU ELIMINASYON AN</p> <p>1. Èske w te entansyonèlman bay fo yon enfòmasyon oswa ou pat bay kèk enfòmasyon pou w ka resevwa benefis peman benefis yo? <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non*</p> <p>2. Èske ranbousman peman anplis la ap fè w anreta nan peye bòdwo w yo, èske sa ap lakòz ou eksperimente difikilte finansye, èske sa ap lakòz ou abandone yon byen ki gen anpil valè pou ou oswa eske sa ap chanje pozisyon w pou vin pi mal? <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non*</p> <p>3. Mwen rezonableman kwè ke mwen te kalifye pou m resevwa peman yo te ban mwen yo. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non*</p> <p><input type="checkbox"/> Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen founi pi wo yo se laverite epi yo kòrèk, e mwen konprann ke lalwa ap pini m si m bay fo enfòmasyon. *</p> <p>Si yo refize demann ou te fè pou anile peman anplis la, ou ka toujou mande yon ajisteman nan orè ranbousman an si peman anplis la ap lakòz ou eksperimente yon difikilte finansye.</p> <p style="text-align: right;"> <input type="button" value="Anvan"/> <input type="button" value="Anrejistre"/> <input type="button" value="Soumèt"/> </p>

6

- 7- Yon fwa w fin ranpli fòmilè a, yo pral fè w ale sou bwat resepsyon an epi "**Sitiyasyon Aksyon**" yo pap sou lis bwat resepsyon an ankò. Yon fwa yo fin revize fòmilè a epi yo detèmine kalifikasyon, yo pral emèt yon detèminasyon swa pou apwouve oswa pou refize demann pou anile peman anplis la.

Korespondans

korespondans te we deja yo pa pral montre okòmansman nan lis ki anba a.

- Pou Montre tout korespondans, ki gen ladan korespondans ou te we deja a , chwazi bouton rechèch la.
- Pou Etwat rechèch ou an, sèvi ak filè rechèch la pi ba epi chwazi bouton rechèch la.

Sijè: Tout Sityasyon Aksyon: Tout *

Dat yo Bay pou Li Kòmanse: / / / (mm/dd/yyyy) Dat yo Bay pou Li Fini: / / / (mm/dd/yyyy)

Re-inisyalize
Chèche

- Premye rezilta ki endike anba la a se pwen ki bezwen atansyon ou, epi ou ka bezwen yo pou fè aksyon sou demann alokasyon ou.
- Chwazi Dat yo Bay pou wè enfòmasyon detaye sou korespondans ou.

Ranje 1-10 nan 30	◀ 1 2 3 ▶	Page 1 nan 3		
Dat Yo Bay li	Sitiyasyon Aksyon	Sijè	Nimewo Korespondans	Dat Limit Aksyon-an
07/16/2021	Gade	Detèminasyon sou Eljiblite	239150936	08/05/2021
07/16/2021	Gade	Detèminasyon sou Eljiblite	239056100	08/05/2021
01/26/2022	Gade	Detèminasyon sou Eljiblite	261264214	02/15/2022
08/16/2021	Gade	Claimant Monthly Statement of Account	246046958	
01/11/2021	Gade	1099G Notice	187745522	
10/16/2020	Gade	PEUC Continued Claim PDF	159772921	
10/16/2020	Gade	PEUC Continued Claim PDF	159771798	
10/02/2020	Gade	PEUC Continued Claim PDF	155316767	
10/02/2020	Gade	PEUC Continued Claim PDF	155313986	
Ranje 1-10 nan 30	◀ 1 2 3 ▶	Page 1 nan 3		

Anvan

Pi ba a se yon egzanzp fòmilè pou demann enfòmasyon ke yo voye bay reklaman yo atravè lapòs. Reklaman yo pral resevwa yon kopi fòmilè sa a si yo te chwazi lapòs U.S. kòm metòd kominikasyon prefere yo. Reklaman yo dwe ranpli fòmilè sa a epi poste li bak bay Depatman an nan dat ki endike sou fòmilè a. Reklaman ki te chwazi lapòs U.S. kòm metòd kominikasyon yo prefere ap gen posiblite pou yo ranpli fòmilè a nan kont CONNECT yo.

Prenon ak Siyati Reklaman an : [REDACTED]	Dat postal Fòmilè Ankèt la : 11/18/2021
ID Reklaman an : [REDACTED]	
ID Reklamasyon an : 202001	
Nimewo ID ki asosye ak Detèminasyon ki bay lis peman anplis federal ke yon demann pou anilasyon fèt pou li a: [REDACTED]	
Dat pòstal oswa dat distribisyon sou Detèminasyon ki bay lis peman anplis federal ke yon demann pou anilasyon fèt pou li a: 07/22/2021	
<p>Wap gen posiblite pou w ranpli yon demann pou anile yon peman anplis federal paske Depatman an detèmine ke w genyen yon peman anplis federal ki pa gen fwod sou kont ou a. Lalwa CARES Act ak lwa sou Asistans Kontinye te otorize epi bay eta yo opsyon pou anile peman anplis federal yo te bay reklaman yo anba pwogram pandemi federal yo. Depatman an te rekonèt difikilte anpil moun nan Florid rankontre pandan moman difisil sa yo e li te chwazi pou ofri mwayen pou anile peman anplis federal yo a reklaman ki kalifye e ki satisfè kritè espesifik ki endike nan lwa federal ak konsèy yo. Enfòmasyon sa yo nesèsè pou detèmine kalifikasyon w pou anile peman anplis federal ki sou reklamasyon w la ki endike anwo a. Pou fè demann pou anile peman anplis federal la, ou dwe reponn kesyon sa yo epi soumèt repons ou anvan 01/19/2022. Pou yo ka konsidere w pou anilasyon peman anplis la, ou dwe voye repons nan dèle tan sa a. Yon fwa w fin soumèt repons ou yo, yo pral trete aplikasyon w lan, epi w ap resevwa yon detèminasyon ak enfòmasyon sou kalifikasyon w pou anilasyon peman anplis federal la. Tanpri bay Depatman an ase tan pou trete demann ou an.</p>	
1. Ki dat ou te premye okouran de peman anplis la oswa dèt sa a?	_____
2. Eske w te depoze yon apèl devan Depatman an pou defye peman anplis la?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
3. (si wi pou kesyon 2) Si ou te depoze yon apèl kont detèminasyon ki etabli peman anplis la, èske w te resevwa yon desizyon ki soti nan men yon Abit Apèl la?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa aplikab paske mwen pa te depoze yon apèl.
4. Èske dat limit apèl ou a deja pase pou detèminasyon ki etabli peman anplis?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
5. Eske ou te fè okenn peman sou peman anplis la?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
6. Si wi, konbyen w te peye epi nan ki dat?	_____
KESYON POU ELIMINASYON AN	
1. Èske w te entansyonèlman bay fo yon enfòmasyon oswa ou pat bay kèk enfòmasyon pou w ka resevwa benefis peman benefis yo?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
2. Èske ranbousman peman anplis la ap fè w anreta nan peye bòdwo w yo, èske sa ap lakòz ou eksperimante difikilte finansye, èske sa ap lakòz ou abandone yon byen ki gen anpil valè pou ou oswa eske sa ap chanje pozisyon w pou vin pi mal?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
3. Mwen rezonabman kwè ke mwen te kalifye pou m resevwa peman yo te ban mwen yo.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/> Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen founi pi wo yo se laverite epi yo kòrèk, e mwen konprann ke lalwa ap pini m si m bay fo enfòmasyon.	
Si yo refize demann ou te fè pou anile peman anplis la, ou ka toujou mande yon ajisteman nan orè ranbousman an si peman anplis la ap lakòz ou eksperimante yon difikilte finansye.	